Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 45 (6565) 11 сентябрь 2017 с. Итни ЗулхIижа 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## 15 сентябрь – Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо

**Исана анкьабилеб нухалда кIодо гьабизе буго Дагъистаналъул халкъалъул цолъиялъул къо. Жакъа Дагъистаналъе ва дагъистаниязе цIакъго хIажат буго цолъи. Россиялда гьечIо Дагъистан гIадаб, гIемер миллатал цолъараб ва гъункараб бакI. Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо буго нилъер халкъазул гьудуллъи, вацлъи щулалъиялъе кьучI хIисабалда чIезабураб.**

Дагъистаналъул тарихалда гIемер руго хIужаби, сундухъго балагьичIого, киналго миллатал цолъун, цо хъизан гIадин цадахъги рахъун цолъун чIеялъул. Гьалъ кIвечIо Дагъистан лъиданиги мукIур гьабизе. Жакъасеб Дагъистаналъул халкъазе цолъи ккола, Дагъистаналъул жамгIият цолъи, социалиябгун экономикияб рахъ цебетIей, хIинкъи гьечIолъи цIуни ва гвангъараб букIинеселде гали тIами, нилъер наслабазе цогояб, эркенаб ва тIегьалеб Дагъистан цIуни.

РакI-ракIалъ баркула киналго районцоязда Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо. РакI чIараб буго нужер щивас Дагъистаналда цолъи букIинабиялда гъорлъ жиндирго бутIа лъелин. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, парахалъи ва талихI.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## 12 сентябрь – программистасул къо

**12 сентябралда Россиялъул Федерациялъул программистаз кIодо гьабула жидерго махщалилаб байрам. Гьеб къо чIезабуна 2009 соналда Президентасул указалдалъун официалияб къагIидаялда.**

РакI-ракIалъ баркула программистазда жидерго махщалилаб байрам. Гьарула щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# Бакълъулазул школазда - лъаялъул къо

### Гумбет районалъул школазда Лъаялъул къоялда хурхун данделъаби тIоритIана

**ТIоцебесеб сентябралда Лъаялъул къо кIодо гьабуна рохалилаб ахIвал-хIалалда Гумбет районалъул школазда.**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул буюрухъалда рекъон рохалилал тадбиразда гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез, лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъабаз, гьединго росабазул администрациязул бутIруз.

Игьали гьоркьохъеб школалда Лъаялъул къо кIодо гьабураб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **ХIажимурад МухIамадовас.** Данделъи рагьана Игьали гьоркьохъеб школалъул директор **СагIид МухIамадовас.**

Тадбиралъул гIахьалчагIазда цеве баркиялъулал рагIабигун кIалъазе вахъарав районалъул бетIерас абуна: школаялъулаб заман – гьеб ккола гIумруялъулъ бищун лъикIаб заманалдасан цояблъун. ДандчIвала гьудул-гьалмагъзабигун. Школалда тIадегIанаб борхалъиялда гIуцIун буго гIадан куцай, гьезул гьунарал церетIей, хадубккунги гьезул хIажатаб лъай, гьунар цебетIей.

Жакъа тIоцебе школалъул ратмахIу бахунеб буго



тIоцебесеб классалде рачунел гьитIичаз, выпускникал балагьун руго жалго жидедаго чIун гIумру гьабиялъул ахирисеб этапалде ва щивав цIалдохъан вахунев вуго лъаялъул иргадулаб борхалъиялде.

РакI чIола гьаб цIалул сон интересаблъун, лъугьа-бахъиназдалъун бечедаблъун, цIиял бергьенлъабазул цIураблъун букIиналда.

Гьединго районалъул бетIерас халгьабуна Игьали гьоркьохъеб школалъул классазул, щвана «Ромашка» ясли-ахалде.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Кьурун вуссун, халкъалъе хъулухъалде лъугьана

- 2 гьум.




Терроризм хIажат гьечIо

-2 гьум.



Терроризмалъе - нагIана

-2 гьум.



ГIабдумутIалип Гьайирбегов - Россиялъул чемпион

- 3 гьум .

БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ КОЛОНКА

# Кьурун вуссун, халкъалъе хъулухъалде лъугьана

### «Миллаталъул» «Адабияталъул сагIаталда» – ЦIадаса ХIамзат

**2017 соналъул 29 августалда «Миллат» басмаялъул редакциялда, «Адабияталъул сагIат» проекталда рекъон, тIобитIана иргадулаб гургинаб стол. Гьоркьор лъуна Дагъистаналъул адабияталъул классик, халкъияв шагIир ЦIадаса ХIамзатил асаралги гIумруги.**

Цереккун «Миллаталъ» щибаб моцIалъ гIуцIарал телеочерказда гьорлъ руго Игьалиса Чупаласул, ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажиясул, Инхоса ГIали-хIажиясул рухIияб ирсалда тIасан гьарурал гарачIвариял. Гьел передачаби




руго «Ютуб» видеохостингалда гьаб адресалда : https://www.youtube.com/channel/UCYry9AanrFtw7JR4qV0_m_A

Хадубккун магIарул хъвадарухъабазул хIакъалъулъ гьарурал телеочерказул хасал дискал хIадуризе хIисабалде босун буго.

Исана ЦIадаса ХIамзатица 140 сон тIубала. «Адабияталъул сагIаталда» шагIирасул асаразул хаслъабазул бицана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас, «Гьудуллъи» журналалъул редактор, Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб республикаялъулаб премиялъул лауреат МухIмад ПатахIовас ва Россиялъул ГIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул директор, филологиял гIелмабазул доктор Ибрагьимил МухIамадица.

Дирни къалмил ракIалъе рокьиго къабуллъичIо,
Кьурун вуссун, халкъалъе хъулухъалде лъугьана.
Хасал кочIохъабазул мисал босун, хIалтIичIо,
Басриял гIадаталгун гарачIварун хутIана, – гьадин хъвана ЦIадаса ХIамзатица.

ЦIадаса ХIамзат вукIана кIудияб, гIемерал рахъал ва кьерал ругеб, камилаб, унго-унгояб гьунаралъул инсан. Гьев ккола поэт, прозаик, сатирик, таржамачи, драматург, гIалимчи-гIарабист, философ.

Нилъер халкъалда рекIехъе лъалагьесул асарал, хIакъалъунго халкъияв шагIир вуго ЦIадаса ХIамзат. Кьолораб чу жиндихъ кьолеб букIараб «Ашбазалде гьабураб» абураб кочIолъ руго гьадинал мухъал:

Гьедигlан инжитго данде гьабураб
Дунялалъул боцIи бакьанго гуро.
Мискинзаби гуккун, кодобе щвараб
Шагьи-параялъухъ дун урхъуларо.

ХIамзатил сатира букIана кутакалда бегIераб, щвалде щвараб. Гьединлъидалин гьесде хъвадарухъан Николай Тихоновас абураб: «МагIаруллъиялъул бищун бегIераб гIакълу», – йилан.

Дида ХьахIабросдал нусго гIечIеб рукъ
Тахшагьарин ккола, мун жанив гIураб, – ХьахIабросулъа МахIмудил хIакъалъулъ ХIамзатица хъвараб асаралда гьадинал мухъалги руго. ХIамзатги, Расулги, ХIажиявги жанир гIураб ЦIада росуги ккола Кавказалъулго рухIияб, литературияб тахшагьар. ЦIадаса ХIамзатица ва гьесул хъизаналъ дунялалда рагIизабуна Дагъистан. Кьин гьечIеб рухIияб ицц буго ЦIада беролеб.

…Гьанже ХIамзат чIван хадуб,
ЛъагIел данде щвелалде,
Дагъистаналъул шарип
Шамил имамлъун тола.

Шамилица жиндирго
Аслияб мурадалда
Дагъистаналъул агьлу
Эркенлъиялде цIала.

…ВатIан эркен гьабизе
Кинабго рес рехула,
Мискин халкъалъе гIоло
Хвалчен къватIиб бахъула.

Ханлъи-лагълъиялдалъун
ЛъалкIахараб Дагъистан
Дугъ битIизе гьабизе
БетIералде босула.

ЦIадаса ХIамзатил «Шамил» абураб поэмаялдаса мухъал ккола гьал. «Марксица кьимат кьурав кьалул цевехьанасде кьучI билараб пероялъ гьагал чIорал рехана», – абун дол захIматал соназда Шамил имамасда бугьтанал лъолеб букIараб кьапилаялъе мустахIикъаб жаваб кьуна ХIамзатица. Нилъее тавпикъ кьеги магIарул гIалимзабазул, шагIирзабазул, гIакъилзабазул адабияб ирс лъазе, цIунизе, магIарулаллъунги бусурбабилъунги рукIине. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

АНТИТЕРРОР

# Терроризм хIажат гьечIо

### Терроризмалда данде къеркьолезул рахъкколезул къоялда хурхун тадбирал

**Гумбет районалда 3-4 сентябралда тIоритIана терроризмалда данде къеркьолезул рахъкколезул къоялда хурхун батIи-батIиял тадбирал. Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централда гIуцIун букIана «Ниж – терроризмалда данде» абураб выставка. Гьенир лъун рукIана тIахьал, газетал, журналаздаса макъалаби. Гьенибго тIобитIана миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи, цолъи щулалъи бахIс. ГьедингоРоссиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул залалда районалъул учреждениязул, гIуцIабазул хIалтIухъабазе, школазул цIалдохъабазе бихьизабуна «Ниж – терроризмалда данде» абураб фильм.**

Лъабабилеб сентябралда Килалъ росулъ тIобитIана гIолилазда гьоркьоб велосипед бачиналъул къецал.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалистасул рагIабазда рекъон, 4 августалда районалъул лъайкьеялъул киналго учреждениязда тIоритIана ракIалде щвеялъ-




ул линейкаби, классалъулал сагIтал, кьуна бихьинчилъиялъул дарсал.

Гьединал тадбирал тIоритIиялъ кIудияб пайда кьола квешабщиналдаса рикIкIад чIезе, - ян абуна районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# ТIоцебесеб цIумур - цIалуде гъира

**ТIоцебесеб сентябралда Килалъ росдал гьоркьохъеб школалда лъаялъул къо кIодо гьабуна. Гьеб байрамалда гIахьаллъи гьабизе школалде рачIун рукIана районалъул вакил, терроризмалда дандечIараб комиссиялъул член ЮнусхIажи ХIамзатов, Килалъ росдал администрациялъул бетIер АхIмад Каримов, Гумбет районалъул жанисел ишазул отделалъул, росдал культураялъул хIалтIухъаби, росдал имам ва лъималазул умумул.**

Байрам рагьана школалъул активистаз. Школалъул директор СагIидбег ГIузаировас киназдаго баркана Лъаялъул къо ва Къурбан байрам. Къокъго бицана араб цIалул соналъ рихьизарурал хIасилазул. Гьединго гьенир баркиялъулал кIалъаял гьаруна ЮнусхIажи ХIамзатовас ва АхIмад Каримовас. Гьез кьимат кьуна учительзабазул захIматалъе ва бажилъи загьир гьабуна гьез тарбия-лъай кьурал лъимал жамгIияталъе ярагьунел, гIумруялъулъ жидерго нух ккурал, гIелмуялъулъ церетIурал лъугьинилан.ЦIалдохъабаз хIана батIи-батIиял сценкаби, рикIкIана кучIдул, бихьизабуна цIализе жидерго бугеб гъира.

Байрамалда «Чебурашка» ясли-ахалъул тарбиячагIи Аминат ИсламгIалиевалъ ва ХIапсат Шигьабудиновалъ тIоцебесеб классалде регIана жидер тарбия щун къватIире риччарал 11 лъимер. Гьез кьабуна тIоцебесеб цIумурги.

Гьеб къоялъ тIоцебесеб дарс школалда кьуна «БукIиниселде хьулгун унеб Россия» абураб темаялда.

**Исрапил Заирбегов**

АНТИТЕРРОР

# Терроризмалъе - нагIана

**Гьединаб ахIиялда гьоркь тIоцебесеб сентябралда Килалъ росдал культураялъул хIалтIухъабаз Къурбан байрамалъул ва терроризмалда данде къеркьеялъулъ гьункиялъул къоязул хIурматалда тIобитIана лъималазда гьоркьоб велосипедазул къецал.**

Къецал тIоритIиялъулъ гIахьаллъана Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул ГИБДДялъул хIалтIухъан **АхIмадбег Загьидов**, шайих Абулмуслимил цIаралда бугеб мадрасаялъул директор **Иляс ГIизудинов**, росдал администрациялъул бухгалтер **Сайгидамин Супиянов**, гIолохъабазул рахъалъан вакил **Шамил Каримов** ва цогидалги.

Къецазул гIахьалчагIазе букIана чIезабураб манзилги, нахъа тезе кколеб



захIмалъабиги. ТIоцеве чIчIалде вачIана **ГIалиасхIаб Насрулаев**, кIиабилев **АхIмад МухIамадов**, лъабабилев **ГIалихIажи Супиянов**.

Бергьаразе кьуна гIарцулал сайгъатал ва грамотаби. Призазул фондалъе гIарац биччан букIана росдал администрациялъул бетIер **АхIмад Каримовас**.

**Исрапил Заирбегов**

САПАРАЛЪУЛ ОЧЕРК

# Грузиялъул гражданаз – 10 лари, цогидаз – 20 лари

### Туризмалъ хьихьараб улка

**Исана 17 августалда «Миллаталъул» вакилас сапар бухьана Югалъулаб Кавказалде, Грузиялде. Радал 09.30 заманалда МахІачхъалаялдаса къватІиве вахъарав чи къасиялде Тбилисиялде щвана. БачІинахъего Россиялъул «цІулал» гъурщал гуржиязул лариязде хисана, 2017 соналъул августалда цо лари ккола 25-30 гъурущ. Дунялалдасаго туристал рачІуна Грузиялде. Туризмалъ кІудияб бакІ ккола гьеб пачалихъалъул бюджеталда. Азербайжаналъул тІалъиялъул вакилас абуна (араб декабралда гьенибе гьабураб сапаралъул заманалда) Грузиялъул экономикаялъул 60-70 процент Азербайжаналъул инвестицияз кколилан. Грузиялда гІемераб чІегІернарт гьечІо, гьединлъидал, гьез ричула нигІматал ва цебетІезабулеб буго туризм.**

#### Европаялде гочунел руго

Киналха ругел гІадатиял гуржиязул пикраби, ургьелал, хІисабал? ХабаркІалалда гуржиязул цо-цо вакилзабаз бицуна Михаил Саакашвили Грузиялъул президентлъун вугеб заманалда гІадлу букІанилан, гьес «къануният цІогьал» жанир тІамунилан, гьанже такъсирал цІикІкІунел ругилан ва кколезе кколеб тамихІ гьечІилан. Гьанже Грузиялда ругел нухмалъулел олигарх Бидзина Иванишвилил чагІи кколел руго. Гьесул сиясат дагьаб Россиялъе данде кколеб гІадаб буго. Гьев олигархас тІад квер лъун бугила сундаго. Нино Бурджанадзеги жиндирго пикру гьечІей, къватІисел къуватаз ячуней политик йигилан абула Грузиялъул гражданазул цо бутІаялъ.

Эркенлъи ва чияда бачІолъи щварабдаса, Грузиялда аслияб кІвар кьолеб буго, гІурус гуреб, ингилис мацІ лъазабиялде. Гьеб мацІги лъазабун, гІемерал гІолилал гочунел руго Европаялде ва Америкаялде. Масала, БакътІехьул Грузиялъул ва Абхазиялъул пачалихъалъул тахшагьарлъун букІараб, цебесеб эраялдаго кьучІ лъураб Кутаиси шагьаралъул халкъ ахираб 20-25 соналда жаниб кІинусазаргоялдаса 150-азаргоялде ккун буго. ГІаммго босани, 2017 соналда Грузиялда гІумру гьабун вуго 3,7 млн чи. Дагъистаналда бугелдаса гІемер цІикІкІараб халкъ бихьуларо гьениб.

#### Петр ТІоцевесев гуржияв вукІанадай?

Тбилисиялда накъит гьабурал гуржиязул батІибатІиял къокъабаз чанги гІажаибаб жо бицана. Шамил имам гуржияс кверде восанилан абуна. Гиназ Барятинский Бараташвилиязул чи вукІанила. 1783 соналъул 24 июлалда Георгиялъул къотІи хъвана Россиялъул империялъги Грузиялъги. Гьеб къотІиялда рекъон, Россиялъул империялъ Грузиялъе къайимлъи гьабизе букІун буго, гьел улкаби цоцаз цІунизе тІадеги босун буго. Амма Россиялъ Грузия кьулчІун реханилан абула гуржиязул цо-цо вакилзабаз, жидер ихтияралго хутІичІила, сахалщинал махщалилал империялъ рачун анила, гьединлъидал, Россиялъул империялъе хъулухъалда гІемерал гуржи халкъалъул аскариялги рукІанилан.

Гьоркьо-моркьоб гуржиязул годекІаниб абуна Петр ТІоцевесевги гуржияв вукІанилан, гьеб жо мухІканаб баян бугилан, амма гьалмагъ Иосип Сталиница гьукъун бугила гьеб хабар тІибитІизабизе. Газета цІалулезда гьарула гІайиб гьабугеян, гьев императорасул гензаул цІех-рех гьабизе «Миллаталъул» санагІалъи ккечІо.

#### ЦІоралъул аваразул цІар араб тарих

Тарихалъул цоги рахьазул бицани, гуржиязе цІакъ хирияв гуро Давид-БакІал ралев чи ва Тамара абурал церехъаби. Килиса бихьарабщинахъе килщаз хьанчил гІаламатги гьабула жамгІияб транспорталда жанибцин цоцо цІакъго дин бихьизабизе бокьараз. Гьедин гьабуларел цІикІкІун руго. Дагъистаналдаги гуржияз насранияб дин тІибитІизабун букІанила, рачІун гІарабаз хІал гьабун ислам бильълъанхьизабунилан бицунеб букІана цо гуржияс. Хьанчил чабхьеназул тарихалъул щай гьес рехсечІебали лъаларо. Гьел хьанчилаз гурищ кутакал вахІшилъаби гьарурал бусурбабазул пачалихъазда.

Мадугьалихь ругел пачалихъазда, хІатта росабазда ва шагьаразда, гьоркьорцин рагьун рекьел гІемер ккана инсаниятаъул тарихалда жаниб. Гьедин букІана магІарулазда ва гуржияда гьоркьобги. Гьеб буго инсаниятаъьего гІаммаб гІамалхасият. Закаталагун Белоканги жидер ракьлъун рикІкІунел гуржиялги дандчІвана. СССР гІуцІун хадуб, гьалмагъ Иосип Сталиница Азербайжаналъе «сайгъат гьабунила» Закаталаялъул округ. Лъалеб букІахъе, гьеб ккола ЦІоралъул магІарулазул, нилъер миллатцоязул, ракь. Биялда ва гІетІалда барахщичІого, аварaз цІунараб, Надир-шагьасул вац Ибрагьим-хан чІвараб ва гьесул бо гъурараб, бергьараб бахІарчилъиялъул ва чилъиялъул свери.

#### Прометейил нохъоги лариязул зваргьиги

Тбилисиялдаса Кутаисиялде микроавтобусалда бухьараб сапар цо чиясе чІола 10 лариялде (250-300 гъ.). Кутаиси ккола некІсиял греказул маданият ва тарихиял хІаракатчагІаз жиндир хІакъалъулъ гІемер хъвараб, цо заманалда Грузиялъулго тахшагьарлъун букІараб шагьар. Колхидаянги абулаан некІсиял греказ гьеб мухъалде. Кутаисиялда аскІоб 1983 соналда, жанибе гІака бортиялдалъун, батун буго бергьун кІудияб карсталъул нохъо. Гьелда цІар лъун буго Прометейил нохъойилан ва туристазе рагьун буго гьелъул цо бутІа.

2017 соналъул 22 августалда гьеб Прометейил нохъоде жаниве лъугьана «Миллаталъул» вакилги. Щибаб къоялъ аза-азар турист вачІунев вуго гьеб тІабигІияб памятник бихьизе. Халатал иргаби рукІуна нохъодул кІалтІа. Цин баян букІана нохъода жаниб экскурсоводгун цадахъ гьабураб сапаралъухъ 10 лари босулилан, гьенире щведал, чакъаса 20 лари (500-600 гъ.) кьезе кколилан чІана. Русбуздаги рекІун, нохъода жанир чвахулел лъаразда лъедезе бокьарас кьезе кколеб буго 35 лари (850 -1050 гъ.). ХІисаб гьабурабго, гІага-шагарго миллион гъурущ щолеб буго нохъодул «бетІергьабазе» цо кьоялда жаниб. Гьедин бигьаго, тІабигІаталъухъ рагьаралъухъ гІарац гьабизе лъан буго Грузиялда. Гьедин хайир гьабулеб буго дунялалда щибаб улкаялъ. Дагъистаналдайин абуни туристал гІемерисеб мехалъ гьалбаллъун рагІизарула ва чІобого къабул гьарула.

Гьеб Прометейил нохъодул кІалтІа цоги «аммаги» загьирлъана. Грузиялъул гражданаз нохъоде сапаралъухъ 10 лари кьезе ккола, цогидаз 20 лари кьеян лъазабуна. Цо-цо гуржияги рукІана, гьеб къагІида мекъи бугилан, амма хІакъикъат гьединаб буго. Япониялъул тІадчагІаз Китаялъул шагьарал рахьидал, цо-цо парказда ва бакІазда хъвалеб букІун буго «Гьабзазе ва китаялъулазе нух къан буго», – абун. Лъаларо, Грузиялда туризмалъул рахьалъ гьабулеб политика гьелда релълъараб бугищали, амма, гьединаб сиясат бугоан.

Грузия буго берцинаб ракьалъул, бечедаб тарихалъул, гІуцІа-къараб гІумруялъул улка. Амма Грузия магІишатияб рахьалъ мискинго буго, советияб заманалда рагьаралъулаб заводалгун фабрикал къан руго, цІиял рагьизеги рес гьечІо.

Аллагьас хьван батани, «Миллаталъул» хадусел номеразда бицина Кахетиялда ругел магІарулазул росабазул хІакъалъулъ.

**ГІизудинил ХІамзат,**
**МахІачхъала – Тбилиси – Кутаиси**

КЪУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГІАЛ …

# ГІабдумутІалип Гъайирбегов - Россиялъул чемпион

### Гумбет районалда тІобитІана ММАялъул рахъалъ Россиялъул чемпионасулгун дандчІвай

**31 августалда Килалъ росулъ тІобитІана гьебго росулъа цІар рагІарав речІчІухьан ММАялъул рахъалъ Россиялъул чемпион ГІабдумутІалип Гъайирбеговасулгун ва гьесул тренеразулгун гІолилазул дандчІвай.**

Тадбиралда гІахьаллъарав культураялъул, физический культураялъул, спорталъул, туризмалъул ва гІолилазул политикаялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухІамад** **МухІамадовас** ММАялъул рахъалъ Рассиялъул чемпион ГІабдумутІалип Гъайирбеговасе тарбия кьуралъухъ ва гьев хІадур гьавуралъухъ «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер **ХІажимурад МухІамадовасул** рахъалдасан «ММА Академиялъул» речІчІухьлъугьиналъул клубалъул кІудияв тренер **Расул МухІамадовасе,** физический рахъалъ хІадуриялъул тренер **МахІач МухІамадовасе,** «ММА Академиялъул речІчІухьлъугьиналъул тІадагьаб гъгариялъул рахъалъ тренер **ХІажимурад Каримулаевасе** кьуна ХІурматалъул грамотаби. Гьарана гьезие хадубккунги спорталъулъ бергьенлъаби, талихІрохел. Гьединго чемпионасулгун дандчІвайалда гІахьаллъана Гумбет районалъул гІолилазул гьудул, Чачан республикаялъул рагъулаб прокуратураялъул прокурор **Сулейман ГІамирхІамзаев.** Гумбет районалъул ва Чачан Республикаялъул гІолилазда гьоркьоб хадубккунги гьудул-гьалмагълъи цебетІеялъе гІоло Сулейман ГІамирхІамзаевасеги кьуна Гумбет районалъул бетІерасул рахъалдасан ХІурматалъул грамота.



НурмухІамад МухІамадовас ГІабдулатІип Гъайирбеговасе, гьесул тренеразе гьарана 8 – 9 октябралда Москваялда букІине бугеб Дунялалъул чемпионаталдаги битІккей.

**«Гумбет» РИО**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГІАКАГИ ГІАЛИГЪАЛБАЦІИЛ ОЦГИ

# Гумбет районалъул ветеринариял хІалтІухъабазе – шапакъатал

**Ветеринарияв хІалтІухьабазул къо кІодо гьабун ва ичІго моцІалда гьабураб хІалтІул хІасилал дандеросун, гІи-боцІи унтабаздаса цІуниялъе гьабураб хІаракатаб хІалтІуе гІоло Дагъистан Республикаялъул ветеринарияб управлениялъул комитеталъул рахъалдасан, районалъул ветеринарияб управлениялъул ветврач – эпифистолог ГІали ГІалиевасе «Ветеринариялда цебе гьабураб хъулухъалъе гІоло» медаль кьуна.**

Россиялъул Федерациялъул росдал магІишаталъул министерствоялъул рахъалдасан Баркалаялъулаб кагъат кьуна МелъелтІа централияб ветеринарияб участкаялъул нухмалъулев Анварбег Расуловасе.

ДРялъул ветеринарияб управлениялъул комитеталъул рахъалдасан Грамотаби кьуна Гьарадирихъ ветеринарияб пункталъул нухмалъулев **МухІамад ХІизбулаевасе,** Килалъ ветеринарияб пункталъул нухмалъулев **МухІамад СагІидовасе,** районалъул ветеринарияб управлениялъул ветврач **АхІмад СайгитІагьаевасе.**

Баркула районалъул ветеринарияб управлениялъул хІалтІухъабазда шапакъатал.

**ГІайшат Исламбиева**

ДОКУМЕНТЫ

### Министерство образования и науки Республики Дагестан

**Глава Республики Дагестан Абдулатипов Р.Г. и президент АО «Издательство «Просвещение» Узун В.И. 01.06.2017г. подписали соглашение о развитии и повышении качества образования в Дагестане, в том числе об осуществлении поставки школьных учебников в республику.**

В рамках заключенного соглашения до 01.09.2017г. в общеобразовательные организации Республики Дагестан будут поставлены учебники для учащихся первых, вторых и седьмых классов, а до 01.11.2017 г. - учебники для 8-11 классов.

Просим Вас довести данную информацию до родительского сообщества.

**Т. Халилов,**

ДОКУМЕНТЫ

## ПАО «РОССЕТИ» публичное акционерное общество «Дагестанская энергосбытовая компания» ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания»

В целях совершенствования клиентоориентированной политики, повышения качества обслуживания потребителей электроэнергии, а также реализации информационной политики ПАО «МРСК Северного Кавказа» вам необходимо в срок до 09.09.2017 г. разместить обращение управляющего директора ПАО «ДЭСК» М. Гитинова к потребителям электроэнергии (приложение 1) в местных электронных и печатных СМИ.

В срок до 12.09.2017г. отчитаться о проделанной работе (предоставить скан газеты с вышедшей в печатном СМИ публикацией, ссылку на публикацию, размещенную в электронном СМИ) начальнику отдела взаимодействия с органами власти и связей с общественностью Магомаеву Т. Н. (magomaev@dagesk

Приложение: Обращение к потребителям на 2 л. в 1 экз.

**Управляющий директор**
**М. Ш. Гитинов**

**Приложение 1**

## Обращение управляющего директора ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания» М. Гитинова к потребителям электроэнергии

**Уважаемый потребитель!**

**ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания» является единственным гарантирующим поставщиком электроэнергии в регионе - осуществляет покупку и сбыт электрической энергии потребителям в необходимых для них объемах. В своей работе мы большое значение уделяем работе с потребителями. Основными задачами являются, в первую очередь, обеспечение бесперебойного и надежного энергоснабжения потребителей, обеспечение полной оплаты текущего потребления электроэнергии, снижение накопленной за предыдущие периоды дебиторской задолженности для обеспечения 100% оплаты поставщикам электроэнергии на оптовом рынке.**

Нельзя не отметить, что наша работа дает результат. Наблюдается положительная динамика в расчетах по конечным потребителям: оплата за первое полугодие 2017 г. – 2 млрд 982,5 млн руб. (на 186млн руб. выше, чем за 6 месяцев 2016 г.). Уровень оплаты предприятий ЖКХ республики составил 34%, предприятий, финансируемых из федерального бюджета - 76%, республиканского бюджета – 93%, местного бюджета – 100%. Оплата населения за первое полугодие составила 1 млрд 340,9 млн руб., что на 122,6 млн руб. больше, чем за аналогичный период прошлого года.

Тем не менее, есть ряд проблем, которые требуют своего решения. Так, например, значительные объемы просроченной дебиторской задолженности потребителей за потребленные энергоресурсы - одна из наиболее серьезных проблем, стоящих сегодня перед Республикой Дагестан, и в частности, перед нами.

Частично это проблема связана с менталитетом наших граждан и нежеланием оплачивать за электроэнергию, но есть и такие факторы как низкая заработанная плата, правовая неграмотность, отсутствие финансирования (в случае с предприятиями, финансируемыми из местного, регионального, федерального бюджетов).

Наша компания регулярно информирует население республики о необходимости вовремя платить за потребленный ресурс, используя все имеющиеся способы оплаты. Наша задача – донести до каждого потребителя информацию о том, что неполная и несвоевременная оплата за энергоресурс в конечном итоге нанесет вред не только самому потребителю (образовав задолженность), но и всему электросетевому хозяйству Республики Дагестан. Важно помнить, что оплачивая деньги за электричество, вы способствуете ремонту электрических сетей, от функционирования которых зависит, будет ли свет у вас дома. Мы все – дагестанцы, братский народ, и должны думать друг о друге, о благоустройстве каждого из нас. Свет – одно из благ, без которого сегодня не может жить ни один человек.

ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания» призывает потребителей Республики Дагестан вовремя оплачивать за потреблённую электроэнергию, а также погасить имеющие долги в кратчайшее время. Наша компания гарантирует прозрачность платежей и готова ответить на все возникающие у потребителя вопросы. Кроме того, по всем проблемным вопросам можно также проконсультироваться по телефону горячей линии МРСК Северного Кавказа 8 800 775-91-12.

Для вашего удобства напоминаем, что центральный пункт обслуживания потребителей находится по адресу г. Махачкала, ул. Радищева, 4. Оплатить за электроэнергию вы можете в любом отделении «Почты России», банкоматах и терминалах «Сбербанка», собственных кассах ПАО «ДЭСК», а также через услугу «Личный кабинет» на нашем официальном сайте - dag-esk.ru.

Помимо этого, вы можете оплатить через кассы ООО «РПРЦ-Центр» (региональный платежно-расчетный центр), ООО «Юрэнергоконсалт», ГАУ РД «МФЦ», ООО «МПЦ» (межрегиональный платежный центр), а также терминалы ООО «Интегра-софт». Кроме того, для удобства клиентов – потребителей электроэнергии запущено и стало доступным мобильное приложение, в котором абоненты могут ознакомиться с полной историей изменений, вносимых в лицевой счёт: потреблением электроэнергии на основании показаний прибора учета и произведённым платежам.

Приложения для абонентов ПАО «ДЭСК» можно скачать и установить:

App Store: https://itunes.apple.com/ru/app/дэск/id1224021712?l=en&mt=8

Google Play: https://play.google.com/store/apps/details?id=ru.stackit.mobileappkavkazdagestan

О способах оплаты за электроэнергию вы также можете узнать в любом местном отделении энергосбытовой компании.

Уважаемый потребитель! Мы живём во времена полной электрификации. Жизнь современного человека зависит от постоянного электроснабжения. Даже кратковременное отключение электроэнергии вызывает сильное неудобство. Давайте не будем забывать об этом.

С наилучшими пожеланиями, управляющий директор

**Магди Гитинов,**
**ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания»**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

# Операция «Пешеход»

Согласно Распоряжение МВД по РД №17/6984 от 21.08. 2017 года территории республики на территории Гумбетовского района проводится оперативное-профилактическая операция «Пешеход» с 28.08.2017 по 11.09. 2017 года.

особое внимание при проведении мероприятия уделяется обоснованности оборудования искусственных неровностей на автодорогах и улицах, их соответствие требованиям ГОСТ Р52606-2006.

обследуются эксплуатационное состояние пешеходных переходов, уделив особое внимание состоянию дорожной разметки, дорожных знаков, пешеходных ограждений и наличию искусственного освещения.

в рамках проверок даем оценку действиям сотрудников, в обязанности которых вменено осуществление надзорных функций в сфере дорожной деятельности и технического надзора, исходя из полноты и эффективности предупредительных мер реагирования на противоправные действия (бездействия) должностных и юридических лиц при содержании переходов и эксплуатации автотранспорта.

на территории Гумбетовского района за 2017год не было зарегистрировано ДТП связанных с наездом на пешехода.

В ходе проведения ОПМ «Пешеход» на обслуживаемом территории было составлено 2 административных материалов по ст. 12,29 ч 1.

**А.О.Загидов,**
**вр. и. о начальника ОГИБДД ОМВД РФ по Гумбетовскому району, старшей лейтенант полиции**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Генеральная прокуратура Российской Федерации стала соорганизатором VIII Всероссийского конкурса социальной рекламы «Новый взгляд. Прокуратура

**Генеральная прокуратура Российской Федерации выступила соорганизатором VIII Всероссийского конкурса «Новый взгляд», который ежегодно проводит Межрегиональный общественный фонд «Мир молодежи».**

Участникам конкурса предложена специальная тема для подготовки плакатов и видеороликов «Прокуратура против коррупции». Организаторы предлагают молодежи изучить современные механизмы борьбы с проявлениями коррупции на всех уровнях. Конкурсантам предложат в любой комфортной для них творческой форме представить существующую модель противодействия коррупции, учитывая работу органов прокуратуры в этой области. Подготовка к конкурсу потребует от участников серьезного погружения в проблематику, в частности, на уровне законодательства. Таким образом, Генеральная прокуратура РФ рассчитывает на то, что конкурс «Новый взгляд» в этом году станет эффективным инструментом правового просвещения молодежи и во многом сработает как профилактическая мера в борьбе с коррупционными проявлениями.

«Новый взгляд» - это крупнейший молодежный проект в области социальной рекламы. Конкурс предоставляет возможность молодежи выразить свое отношение к наиболее острым и значимым проблемам современного общества, а также показать пути их решения.

Работы принимаются на официальном сайте конкурса www.tvoykonlcurs.ru до 29 сентября 2017 года по двум номинациям - «социальный плакат» и «социальный видеоролик». Возраст участников от 14 до 30 лет.

Официальная церемония награждения памятными призами и подарками финалистов и победителей по названной теме пройдет в Генеральной прокуратуре Российской Федерации и будет приурочена к Международному дню борьбы с коррупцией (9 декабря).

Более подробную информацию можно получить на официальном сайте конкурса, а также по телефонам: 8 (495) 640-09-39, 8 (925) 112-32-25.

**М. Магомедов,**
**и. о. прокурора Гумбетовского района, старший советник юстиции**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр Тlоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.